

ORANGE BOARD OF EDUCATION PUBLIC SCHOOL DISTRICT

**Administration Building
451 Lincoln Avenue, Orange, New Jersey 07050**

29 Avril 2025

Apèl pou Prezans
6:00 p.m.

Orange Board of Education – Administrative Building
451 Lincoln Avenue

An konfòmite avèk **Règleman 0162 Konsèy Depatman Edikasyon an ak Lwa sou Reyinyon Piblik Lib, Chapit 231**, sa a se pou anonse ke Reyinyon Piblik Lib Vityèl Chapi 231 Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan ap konvoke avèk avi adekwa. Avi sou reyinyon sa a te afiche nan Biwo Administratif la, nou depoze'l nan Biwo Grefye Vil Orange lan epi nou remèt li bay Transkripsyon Orange, Star Ledger, ak Local Talk.

Konsèy Deapman Edikasyon Vil Orange lan ankouraje patisipasyon ak opinyon manm piblik la nan reyinyon konsèy li yo. Sepandan, an akò avèk Règleman Komisyon Konsèy la, nou p'ap pèmèt atak vèbal kont manm pèsonèl endividyèl yo oswa kont manm nan Komisyon Konsèy la. Nou ankouraje moun yo pou yo adrese Komisyon Konsèy la konsènan kòmantè ki gen rapò avèk atik ajanda a oswa pwoblèm konsènan pwosesis edikasyonèl. Kòmantè piblik yo limite a yon (1) patisipan pou yon dire maksimòm twa (3) minit. Tanpri n'ap avize ou ke, reyinyon sa ap anrejistre epi l'ap difize andirèk atravè entènèt. Konsèy Depatman Edikasyon an remèsye w pou kowoperasyon w.

SALYE DRAPO A

PREZANTASYON YO

Prezantasyon Bidjè Distri pou Ane 2025 – 2026 la
Gerald Fitzhugh, II, Ed.D., Sipèentandan Lekòl yo
Jason E. Ballard, Administratè Biznis/Sekretè Konsèy Administrasyon an
Dwayne Ortiz, Asistan Administratè Biznis Lekòl la/Sekretè Asistan Konsèy Administrasyon an

KÒMANTÈ PIBLIK

D. Rezolizyon yo

D1. Rezolizyon pou Apwouve Bidjè Distri Lekòl Piblik Orange la pou Ane Eskolè 2025 – 2026 la.

Reyinyon Distri yo

Pwochè Orè Reyinyon yo jan li ye anba

Piblik

- Reyinyon Vityèl Komite Relasyon Piblik yo – Mèkredi 7 Me 2025 a 4:00 p.m.
- Reyinyon Piblik Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan- Mèkredi 14 Me 2025 a 7:30 p.m., k'ap fèt nan Orange Board of Education – Administrative Building, 451 Lincoln Avenue, Orange, NJ, 07050. Y'ap pran yon ti Pòz a 6:45 pm jiska pa pita ke 7:30 pm

Fèmti (Vityèl)

- Reyinyon Vityèl Komite Kourikoulòm lan – Madi 29 Avril 2025 a 3:30 p.m.
- Reyinyon Vityèl Komite Etablisman yo – Lendi 5 Me 2025 a 4:00 p.m.
- Reyinyon Vityèl Edikasyon Espesyal – Madi 6 Me 2025 a 3:30 pm
- Reyinyon Vityèl Komite Règleman yo – Jedi 8 Me 2025 a 4:00 pm.
- Reyinyon Vityèl Komite Finans lan- Jedi 8 Me a 5:30 p.m
- Reyinyon Vityèl Komite Resous Imèn lan – Lendi 12 Me 2025 a 3:30 p.m.

KÒMANTÈ DEPATMAN EDIKASYON YO/ KORESPONDANS YO RANVWA

ORANGE BOARD OF EDUCATION PUBLIC SCHOOL DISTRICT
Administrative Office
451 Lincoln Avenue, Orange, New Jersey 07050

29 Avril 2025

ALÒSKE, Konsèy Depatman Edikasyon Lekòl Piblik Distri Orange lan te resevwa notifikasyon Èd Leta li a nan dat 27 Febriye 2025; epi

ALÒSKE, Distri a te prepare yon bidjè pou ane fiskal 2025-2026 la ki totalize \$166,264,632; epi

ALÒSKE, bidjè ane fiskal 2025-2026 la gen ladan l yon sèvis dèt \$388,225 ak yon taks \$13,023,999, ki rete menm jan an depi ane fiskal 2024-2025 la. Èd Leta yo te ogmante pa \$7,157,072; epi

ALÒSKE, NJSA 18A:21-3, NJSA 18A:7G-31 ak NJSA 18A: 7F-41 pèmèt yon Konsèy Depatman Edikasyon etabli ak/oswa depoze nan sèten kont rezèv nan fen ane a; epi

ALÒSKE, lwa ki mansyone pi wo yo otorize pwosedi, anba otorite Komisyonè Edikasyon an, ki pèmèt yon Konsèy Depatman Edikasyon transfere revni aktyèl depase sanzatann oswa apwopriyasyon sanzatann nan kont rezèv pandan mwa Jen an pa rezolisyon Konsèy la; epi

ALÒSKE, Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan vle transfere revni ane aktyèl depase sanzatann lan oswa apwopriyasyon ki pa depanse nan fon jeneral la nan yon kont Rezèv Kapital nan fen ane a; epi

ALÒSKE, Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan detèmine ke yon montan pa dwe depase \$2,500,000

ALÒSKE, Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan vle transfere revni ane aktyèl depase sanzatann lan oswa apwopriyasyon ki pa depanse nan fon jeneral la nan yon kont Rezèv Antretyen nan fen ane a; epi

ALÒSKE, Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan detèmine ke yon montan pa dwe depase \$1,500,000

KOUNYÈ A, KIDONK, LI REZOLI, pa Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan ke li otorize Administratè Biznis/Sekretè Konsèy la pou fè transfè sa a an konfòmite avèk tout lwa ak règleman ki aplikab yo.

ALÒSKE, bidjè pwovizwa pou ane fiskal 2025-2026 la gen ladan l \$240,451 pou depans vwayaj ak \$4,325,785 pou devlopman pwofesyonèl ki pral fikse, kounye a, kòm depans maksimòm otorize pou kategori sa yo. Sèl chanjman nan tolerans maksimòm ki fikse a pral rezilta nenpòt lòt sibvansyon revni espesyal ki resevwa ki gen ladan vwayaj ak devlopman pwofesyonèl kòm yon aktivite apwouve; epi

ALÒSKE, Konsèy Depatman Edikasyon an otorize yon montan maksimòm anyèl \$1,500 pou chak anplwaye pou vwayaj biznis sèlman pou ki apwobasyon Konsèy Depatman Edikasyon Distri a pa nesesè.

KONSINYÈ A, KIDONK, LI REZOLI, sou rekòmandasyon Sipèentandan Lekòl yo, Konsèy Depatman Edikasyon Orange lan, aksepte epi apwouve bidjè Lekòl Piblik Orange lan pou ane fiskal 2025-2026 la ki se \$166,264,632.

LIS VERIFIKASYON APÈL NOMINAL		
	WI	NON
David Armstrong		

Samantha Crockett		
Sueann Gravesande		
Siaka Sherif		
Tyrone Tarver		
India Wiliams		
Jeffrey Wingfield		
Dr. Fatimah Turner Vis Prezidan Konsèy Edikasyon Lekòl yo		
Shawneque Johnson Prezidan Konsèy Edikasyon Lekòl yo		